



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE AJANS ETA YO POU DEPLWAYE RESOUS POU FÈ ENTÈVANSYON PANDAN KE GWO LAPLI YO KA KOZE INONDASYON TOUPATOU NAN ZÒN NÒ NAN NEW YORK WIKENN SA

Kantite Lapli Total Kapab Rive Jiska Twa Pous nan North Country ak nan Zòn Nò Mohawk Valley, New York Santral ak nan Lwès New York

Li Posib pou Gen Plis Pase yon Pous Glas nan North Country ant Samdi Swa ak Dimanch Apre Midi

Gwo Lapli Ka Pwouwi Twòp Ekoulman ak Inondasyon nan Zòn ki Ba yo, nan Ti Rivyè yo ak nan Sous Dlo yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande ajans eta yo pou deplwaye resous pou fè entèvansyon pou ijans pandan ke yo prevwa yon sistèm metewolojik ap pote gwo lapli, glas ak inondasyon potansyèl nan majorite pati nan zòn nò New York. Kantite lapli total kapab rive jiska twa pous nan North Country ak nan pòsyon Nò nan Lwès New York, New York Santral ak Mohawk Valley. Gwo lapli k'ap tonbe sou yon sòl prèske satire epi akimilasyon nèj atravè tèren ki pi elve yo ka koze twòp ekoulman, sa ki ka lakoz inondasyon nan zòn ki ba ak nan milye iben yo, nan ti rivyè yo ak nan sous dlo yo. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon pandan y'ap vwayaje pandan tout wikenn lan epi pou yo siveye rapò meteyo lokal yo.

"Sistèm tanpèt sa a pral distribye yon kantite lapli ak glas siyifikatif nan anpil pati nan eta a ak potansyèl inondasyon nan kèk nan zòn ki gen plis pwoblèm nou yo, kidonk Nouyòkè yo dwe pran prekosyon lè y'ap vwayaje wikenn sa", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Mwen mande pou resous eta a yo adopte yon apwòch pwo-aktif, epi ekip yo deja ap koupe branch bwa ki potansyèlman danjere epi netwaye debri nan ti ravin ak sous dlo yo pou ede diminye enkyetid inondasyon yo."

Pandan tout jounen Vandredi a, yo prevwa yon syèl prensipalman nyaje ak chans pou gen gwo lapli nan tout eta a, eksepte nan Rejyon Long Island ak nan Rejyon Vil New York yo. Lapli a ka melanje avèk lapli glase nan Rejyon Mohawk Valley ak nan Rejyon Southern Tier yo, epi yo prevwa grezil nan Rejyon North Country ak nan Rejyon Southern Tier ak nèj nan Rejyon North Country. Tanperati yo ap varye ant debi karantèn yo rive nan debi senkantèn yo. Samdi, yo prevwa lapli ap kontinye nan tout eta a, ak tanperati varye ant fen karantèn yo rive nan debi swasantèn yo pandan tout apremidi a epi bese ant fen ventèn yo rive nan mitan senkantèn yo nan aswè. Pliske tanperati sa yo bese, potansyèl pou gen akimilasyon glas pral pèsiste nan pòsyon nò yo nan North Country. Nan Dimanch apre midi, ka gen ant yon demi rive plis pase yon pous akimilasyon glas nan zòn tankou Ogdensburg ak Massena.

An tèm de presipitasyon total, li posib pou gen jiska twa pous lapli nan Dimanch aprè midi nan pòsyon North Country ak nan pòsyon nò Mohawk Valley, nan Rejyon New York Santral, ak nan Rejyon Lwès New York yo. Yon lòt kote, li posib pou gen jiska de pous nan sid Rejyon Lwès New York ak nan lwès Rejyon Finger Lakes yo, epi li posib pou gen jiska yon pous edmi nan tout rès Rejyon Finger Lakes ak nan Rejyon New York Santral yo. Total lapli kontinye diminye pandam l'ap deplase nan sid, epi yo prevwa mwens pase yon ka pous nan Vil New York ak nan Rejyon Long Island yo

Alèt inondasyon yo aktyèlman an antre an vigè depi Vandredi swa jiska Dimanch pou plis pase 20 konte atravè pati nò New York. Yo ap pibliye yon Alèt Inondasyon lè gen yon potansyèl pou inondasyon ki baze sou previzyon aktyèl yo. Nouyòkè yo ta dwe kontwòle previzyon yo pandan tout wikenn lan epi yo dwe rete vijilan pou avètisman inondasyon posib yo. Pou plis enfòmasyon sou previzyon yo oswa pou wè tout alèt yo pibliye yo, avètisman ak konsèy, tanpri vizite [sit entènèt](#). Sèvis Meteyo Nasyonal la

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES)

Yo aktive Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan pou Amelyore Modalite Siveyans epi li pral kontwòle kondisyon metewolojik yo, kowòdone operasyon repons eta a epi rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Yo prepare Rezèv Eta yo (State Stockpiles) tou pou yo deplwaye resous bay lokalite ki touche ak tanpèt yo, tankou ponp, tronsonez, sak sab epi dlo nan boutèy. Anplis de sa, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control) Divizyon an gen ekip Rechèch ak Sovtaj Iben nan Dlo Rapid (Swift Water Urban Search and Rescue) ki rete pare pou ede premye sekouris lokal yo nan evènman si jan sa nesesè. Yo ekipe ekip yo ak bato ak machin ak esye elve.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a pare pou li entèvni avèk 3,716 sipèvizè ak operatè disponib nan eta a. Pou sipòte aktivite repons nèj ak glas nan zòn kritik yo, yo ap deplwaye 19 operatè kamyon chasnèj, twa sipèvizè, twa kamyon ekipaj mwayen konsa a:

- North Country:
 - Resevwa 7 operatè chasnèj, 1 sipèvizè, ak 1 kamyon ekipman mwayen nan Rejyon Kapital la.
 - Resevwa 9 operatè chasnèj, 2 sipèvizè, ak 2 kamyon ekipman mwayen nan Southern Tier
 - Ap resevwa 3 operatè chasnèj ki soti nan New York Santral

Y ap re-evalye nesesite pou plis resous jan kondisyon yo mande sa pandan tout evènman an. Tout kote Rezidansyèl yo pral gen anplwaye 24/7 pandan tout evènman an. Tout ekipman ki disponib yo pare pou deplwaye. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo pral anplwaye nan tout lye Rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1587 Gwo Kamyon Chasnèj
- 181 Chasnèj Mwayen

- 51 Remòk Chasnèj
- 329 Gwo Chajè
- 76 Kamyon Dechiktez
- 35 Kamyon Siyal Sikilasyon
- 13 Kamyon Nasèl Pou Ekip Pou Netwaye Pye Bwa Yo

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 695 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 239 gwo chas nèj, 106 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 62 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 120,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway la ap ankouraje otomobilis tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

Divizyon Polis Eta a (Division of State Police)

Yo bay Patwouy Lapolis Eta enstriksyon pou rete vijilan epi pou kontwole kondisyon metewolojik yo nan kote ki gen pwoblèm. Lapolis Eta a pral pare pou deplwaye anplwaye anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè. Tout veyikil patwouy kat pa kat yo an sèvis epi tout veyikil espesyalite yo, ki gen ladan yo motonèj ak veyikil itilite yo, deja an pozisyon epi yo pare pou deplwaman.

Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyo ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt repons ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Polis Pak Eta New York (New York State Park Police) ak anplwaye pak ret alète epi y ap swiv depre kondisyon meteyowoljik ak enpak. Yo ap alimenté, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvansyon nan ka tanpèt. Vizite pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Sèvis piblik New York genyen apeprè 4,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, repons ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka fè fas ak pi gwo enpak yo.

Lòt konsèy sekirite

Prepare kounye a pou evantyèl inondasyon yo:

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Pratike yon plan kouri pou fanmi an epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak planch sou lamèn pou pwoteksyon annijans kont dlo.

Pou plis konsèy sou sekirite nan ka inondasyon, tanpri ale sou sit wèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)